

КІВАР

БУГЕБ СУАЛ

**Щибго кІочон гьечІо**

Стр. 2-3

*СПОРТ*

**Боксалъул чемпион**



Стр. 4


# ЛЪАРАТІА



ЛъаратІа районалъул газета

**№ 1 * январь 2015 с. Газета биччала моцІида жаниб кІиго нухалъ. Багьа 10 гъ.**


ХІИСАБАЛ ВА ХІАСИЛАЛ

## НАХЪЕ РАЛАГЬИЗИН ТАРАБ НУХАЛЪУХЪ



Араб соналъ ЛъаратІа рагьана цІияб ясли-ах ва поликлиника



**ЛъагІел рагІалде бахъун хадуб гьабураб хІалтІул хІасилал гьари гІадатлъун буго киса-кибего. ХІасилазда рекъон гьабула хадусеб соналъ гьаризе ругел ишазе ниятги. Газета ккола жамгІияталда лъугьунел ишазул, лъугьа-бахъинал цере лъолеб, нилъеда нилъго рихьизарулеб матІулъун. Гьебги хІисабалде босун, лъагІалида жанир районалда ккарал щинал лъугьа бахъинал газеталдасаги кьун рукІана нижеца. Кин бугониги, нахъа тараб нухлул хІисаб гьабизе ккола.**

### Культура ва физкультура

Араб сон республикаялда лъазабун букІана культураялъул сон. Гьелда рекъон киса-кирего тІоритІана гІемерал культуриял лъугьа-бахъинал. Нилъер районалъги гьеб рахъалъ цоги соназдаса хасаб чІаголъи бихьизабуна. ЛъагІалил байбихьуда гьел тадбиразул хІакъалъулъ администрациялда заседаниязда ва цоги данделъабазда бицине байбихьарабго «ЛъаратІа» газеталдаса нижеца кьун букІана некІсиял умумузул гъваридаб магІнаялъул, инсан ритІухълъиялде, бихьинчилъиялде, ватІан бокьиялде ахІулел кучІдузул бакІалда гьанж цере кІанцІун рачІарал эстрадагун ямахаялъул агьлуялъ тІубанго кечІ-макъан хисизабун букІиналъул бицунеб пикру. Балъгояб хІинкъи букІана чІобогояб, тІадагьаб тайпаялъул рорта-кІанцІи культуриял тадбирал абун рихьизариладай нилъеда абун. Амма, гІадада букІун буго. Культурияб идараялъ лъикІ тІоритІана тадбирал ва тІадегІанаб даражаялда нухарегІана культураялъул сон.

Амма аслияб культурияб лъугьа-бахъинлъун тІолго республикаялъе ва хас гьабун нилъер районалъе ккана ЦІамагІури фестиваль. КІиго къоялъ халатбахъараб гьеб кІудияб данделъи тІобитІизе ЛъаратІа районалде щвана батІи-батІиял республикаялъул хІакимзаби ва Дагъистан тун къватІиса рачІарал гьалбал. Гьениб гІахьаллъи гьабуна республикаялъул парламенталъул депутатаз, районазул ва шагьаразул бутІруз ва гь. ц. Гьел гурел рачІана гьалбал Азербайджаналдаса, Чачаналдаса, Ингушетиялдаса, Ставропольский краялдаса ва.гь.ц.

Физкультураялъулгун спорталъул рахъалъги нилъер районалъ лъикІал хІасилал гьаруна. Лъебелазул спортсменаз цохІо Дагъистаналда гурел, Россиялда ва дунялалда машгьурал бергьенлъаби росана. Регбиялъул рахъалъ нилъер ракьцояй Байзат ХІамидова тІолго дунялалда гьунар бугел регбисткаязул цояйлъун рикІкІана, боксалъул рахъалъ Земфира МухІамадгІалиева яхъана дунялалъул чемпионкалъун, дзюдоист Сиражудин МухІамадовас бергьана машгьураб халкъазда гьоркьосеб Гран-при турнир, цоги дзюдоист МухІамад МухІамадов вахъана дунялалъул чемпионлъун. Гьел гурелги, нижеца газеталдаса рехсана гІемерал цогидал. Россиялъул чемпионаллъун вахъана: Къардиб росулъа МухІамадов Сайпудин (кикбоксинг). Дагъистаналъул чемпионаллъун рахъана: ГІумаров ХІажимурад, Аюбов Рустам (самбо), Юсупов Шамиль (дзюдо), Начадаса гугарухъаби вацал Кебековал, НитІиицухъа боксерал вацал ХІажимухІамадовал, Кутласа боксалъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпион ГІумарасхІаб ХІусенов. БакІ-бакІазда къецазда лъикІал хІасилал рихьизаруна воллейболалъул командаялъги.

Республикаялда лъагІалил хІасилал гьарун хадур рищунго лъикІал спортсменазда гъорлъ рехсана нилъер

*Ахир 2 аб. гьум.*

БАРКУЛА

## ЛъаратІа дунялалалъул чемпионка дандчІвана

**Къоло кІиабилеб декабралда ЛъаратІа районалъ дандчІвана нилъер ракьцояй, боксалъул рахъалъ дунялалъул чемпионка Земфира МухІамадгІалиева. Араб моцІалъул номералда Земфира Россиялъул чемпионкалъун яхъанин абун хъван букІараб нужеда бихьун батила. Амма заман инелдего нилъер ракьцоялъ гІахьаллъи гьабуна югалъулаб Кореялъул Шеджу абураб шагьаралда тІоритІарал къецазда ва 81 кг цІайиялда, киналго данделъабазда ракІчІараб бергьенлъиги босун гьей яхъана тІолабго дунялалъул чемпионкалъун.**



Финалалда гьелда данде яхъана китаялдаса Шицзинь Ван абурай спортсменка. Земфираца абухъе бищунго хІалуцараб ва захІматаб ккана финалалда, тІоцебесеб бакІалъе гІоло къеркьей. Кин бугониги нилъ рохизаруна Земфираца. Нилъер республикаялъе ва хасгьабун нилъер районалъе хасиятаб гуреб гьеб боксалда тІадчІей Земфираца байбихьана жеги МахІачхъалаялда педуниверситеталда цІалулеб заманалдасаго нахъе.

ГІемерал чагІаца абулеб букІанила жинда, гьеб чІужугІаданалъул иш гурин, дуца гьеб рехун тейин. Амма гьелъ бихьизабуна боксалъул перчаткабиги хулун рингалде яхъизе кІвей гуреб, тІолабго дунялалъул чемпионкалъунги яхъизе кІвейги. Районалъе гуреб, республикаялъе гуреб, тІолабго улкаялъего чІухІи жиндаса бугей чІужугІаданлъун яхъизеги. Гьей цо лъаратІа гурейги, цоги районаздаги дандчІван рагІула.

Районалъул нухмалъиялъ гІураб жигарчилъиялда кинабго жоги хІадурун, Тамара-майдан абураб бакІалде дандеги ун, рохалида дандчІвай гьабуна Земфира МухІамадгІалиевалъулгун. Киналго отделазул хІалтІухъабиги, гІемераб халкъги бакІарун рохалида дандчІвана районалъ чемпионка. Бергьенлъи киназего гІахьалаб бугелъул. Нилъер киназулго рекІелъ чІухІи рехизабуна Земфираца чиял ракьалдеги ун, гьениб гьелъул квер эхеде борхараб бихьигун. Тамара-майданалдаса Земфирагун цадахъ киналго щвана районалъул культурияб рукъалъул кІудияб залалде. Гьенир районалъул кІудиял идарабазул бутІруз, цо-цо бегавулзабаз цере рахъун баркун, сайигъатал кьун, тІадегІанаб даражаялда дандчІвай гьабуна Земфиралгун. Баркиял лъугІун хадуб культурияб идараялъул хІалтІухъабаз хасгьабун гьаб данделъиялъе гІоло хІадурараб концертги кьун, кьурдиялда тІобитІана кинабго рохалилаб данделъи.

Земфира уна Россиялъул боксалъул рахъалъ тІасабищараб командаялде гъорлъе, умуд буго 2016 абилеб соналда Бразилиялда тІоритІизе ругел кІудиял Олимпиялъул хІаязда нилъер ракьцоялъ гІахьаллъиги гьабун, бергьенлъигун тІад юссизе. Гьел хІаязде жеги сонгун бащдаб гІанасеб заман буго хутІун, гьеб цо форма абураб жо цІунизе захІматаб букІуна, амма нилъ божарал рукІине ккела Земфирада, гьелъул жеги щулиял ресал руго кІуди-кІудиял бергьенлъабазде.

Нилъер районалдаса жеги Олимпиялъул чемпион гьечІо, бокьилаан гьелъ нилъер хьулал тІуразаруни. Нижеца администрациялъулгун редакциялъул рахъалдаса гуреб, тІолабго районалъул рахъалдаса баркулеб буго Земфирада кІудияб бергьенлъи ва гьарула щулияб сахлъигун талихІаб гІумру.

Сахлъи кьеги Земфирае жеги чІахІиял бергьенлъабаздалъун нилъер район бохизабизе.

**Расул АБАКАРОВ**

ХIИСАБАЛ ВА ХIАСИЛАЛ

## НАХЪЕ РАЛАГЬИЗИН ТАРАБ НУХАЛЪУХЪ

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

ракьцояв, ЦIумилухъа параолимпиадаялъул призер ШагIбан Къурбанов. Ратула гьел гурел цоги гIемерал чемпионалги, киналго рехсезе дандеккечIониги гьанир.

### Социялиял масъалаби

Июль моцIалъ ЛъаратIе хъулухъалъулаб сапаргун щварав Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас рагьана райцентралда цIияб ясли-ах ва поликлиника. Яслиялда буго 140 лъимералъе бакI. Гьединабго цебетIураб ва тIадегIанаб даражаялда гьабураб поликлиникаги рагьана районалда. Гьеб ккола кIвар бугеб лъугьа-бахъин. Цойги ясли рагьана ЧIилда росулъ. Райцентралда хIалтIизе байбихьана лъикIаб школа-интернат, жанир киналго шартIал ругеб лъималазе. Районалда жаниб тIуна асфальт. Гьединго рагьана цIияб нух Хадиял, Къардиб администрациязул росабазде.

Районоязул социалиял масъалаби цере лъеялъул мурадалда ахираб заманалда районалъул администрациялъ гIадатлъун лъугьинабун буго лъагIалида жанир кIиго нухалъ киналго районалъул хIакимзабиги ракIарун хъутаде щвезе ин. Исанаги кIицIул щвана гьенире ва кIиябго нухъалъ гIадамаз цере лъолел руго цого суалал. Гьезул цоял районалъул даражаялда роцIцIине кIолел ругони, цогидазе къваригIун буго республикаялъул нухмалъиялъул хIалтIи. Хъутада исана тIад бан унеб буго газ бачиялъул суал. Гьеб гьоркьоса къотIизе гьечIо цIияб соналъгиян ракIчIун абулеб буго районалъул нухмалъулез. Цойги гIадатлъун лъугьинабун буго зама-заманалдаса райцентралда киналго идарабазул хIалтIухъабиги ракIарун субботникал тIоритIи. Гьеб чара гьечIого хIажатаб тадбир буго.

### РухIияб рахъ

Нилъер район рикIкIуна Дагъистаналда ругел районазда жаниб бищунго бечедаб рухIияб рахъ бугеб районлъун. Кидаго кьвагьа-гIанхъиялдасаги, терроризмалдасагун экстремизмалдасаги рикIкIадаб район нилъер буго абураб пикру щулалъун буго киназулго ботIролъ. Нижеца газеталда рехсон рукIана араб соналъ тIоритIарал кIвар бугел тадбирал.

Апрелалъул байбихьуда администрациялъул нухмалъулгун цадахъ щвана ЦIумилухъ букIараб мажгит рагьиялда хурхун тIобитIараб мажлисалде. МахIачхъалаялдаса ва цоги районаздаса рачIарал гьалбазги гIахьаллъи гьабуна гьениб. Нижеца гьаниб хъван букIана гьеб берцинаб тадбиралъул хIакъалъулъ.

Август моцIалъ Белъелда росулъ тIобитIана Шамилил наиб Батирил ГIумар ракIалде щвеялъул тадбир. Мажлисалда гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул муфтиясул заместитель ШагIбан-хIажи Рамазановас, ЛъаратIа муниципалияб гIуцIиялъул администрациялъул бетIер Ражаб Ражабовас, Белъелдаса гIалимчи ГIабдугъапурил МухIамадица ва гьел гурел цоги батIи-батIиял росабаздаса гIалимзабаз, жамгIиял ва диниял хIаракатчагIаз. Цебеккун гьеб мажлис гьабулеб букIинчIо, цеве живго Батирил ГIумар абурав наиб вукIинги лъалеб букIинчIо гIадамазда. Амма тарихалъул тIанчал регарабго гьесул цIар къватIибе бачIана ва гьеб нилъеца кIодо гьабизе гIураб цIар буго.

**Рамазан РАЖАБОВ**

КIВАР БУГЕБ СУАЛ

# ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО

**Щибаб жамагIаталда рукIуна нахъе ккараб цебе бачунел, хвараб-чIунтараб чIаго гьабулел, гIодоб ккараб борхизабулел, бакIабщинаб баччун ругьунал, жигарал, кIвахI-свак лъаларел хIаракатчагIи. Доб захIматаб заманаялъ куцарал, лъадарарал гьел гIаммаб ишалдаги хIалтIулаан жидерго рукъ, магIишаталде регIичIого. Гьединазул цоявлъун вуго нилъер районалъул Гьерел росулъа МухIамадов Рамазан ГIумарович, нилъеда гьев лъала Таш Рамазан абун. Гьев ккола захIматалъул ветеран, гIумруялда жинив гIемерал хъулухъаздаги хIалтIарав пенсионер. Рамазанидаса кIудияв чи ЛъаратIа районалда ватизеги ватиларо. Гьесул буго 90 сон.**



Гьерел росулъа Рамазан МухIамадов (Таш Рамазан)

Инкъилаб бергьун хадуб цIияб хIукуматалъ цIиял законал хъвалеб мехалда, захIмат бокьулев, хIалтIи гьабизеги лъалев, ресалда вугев, Гьерел росулъа ГIумарил МухIамад абурав чи кулаклъун лъазавула. Гьесул лъимал «кулакасул тIанчIи» абун хIакъир гьарулел рукIун, къотIноре рахъизе хIинкъулаанила. Гьебго багьанаги бахъун школалдасаги махIрум гьаруна. Дол соназ росулъе къватIиса вачIарав учитель, мухьги кьечIого МухIамадил рокъов толев вукIун вуго. Гьедин рокъов тарав чи, квартирантас балъго цIализавуна вукIинесев районалъул хIаракатчи – кулакасул василан тарав Рамазан. I936 соналда, колхозалъе лъикIаланго гIиги кьун, бечелъиялъул «мунагьалги» чурун, кулаклъиялъул «такъсираздаса» вацIалъула МухIамад. Эменго гIадин васалги «рацIалъула» кулаклъиялдаса ва цIализе риччала. Районалда цо букIараб ЛъаратIа анкьго классалъул школаги лъугIизабун, Рамазан цIалула цо соналъ подкурсазда ва хIалтIизе байбихьула Гьерел росулъ учителлъунги колхозалъул бухгалтерлъунги. Гьеб букIана 1942 соналъул сентябрь моцI, Рамазанил захIматаб хIалтIул нухлул байбихьи. ТIадкъараб хIалтIи ракIбацIадго тIубузубулев, 2I сон барав хIаракатав гIолохъанчи, Гьерел росдал гIадамаз жидерго колхозалъул председательлъун вищула I946 соналъул ихдал. Заман букIана захIматаб, къваридаб. Колхозалъе щибаб соналъ кьезе кколаан налогал: нахги, хIанги, квасги, гьанги, цIококъехьги ва гь.ц. Колхозги букIана мискинаб: 2000-гIанасеб гIиги, нусгоялде гIагарун чIегIерхIайванги, гIицIго 13 га бекьулеб ракьги гурони гьечIеб. КолхозчагIи хIалтIулел рукIана чIорогоял захIматкъоязухъ.

I949 соналда Рамазан Хасавюрталъул росдал магIишаталъул техникумалде цIализе уна. I952 соналда гьебги лъугIун тIадвусарав Рамазан, добго Гьерел росдал жамагIаталъ кIиабизеги вищула председательлъун. Жеги захIматаб букIана колхозчагIазул гIумру, бетIербахъиялъе ЦIоралде гIадамал хьвадулел рукIиналъ кумек гIолеб букIинчIо колхозалъе. Амма дагь-дагьккун гIумру лъикIаб рахъалдехун хисулеб букIана. Гьел соназда хвезаруна колхозчагIазе кидаго квалквалалъе рукIарал налогал. ЦIикIунел рукIана магIаруласул аслияб бечелъилъун кидаго рукIарал гIиял къадар. ЧIаголъизе, церетIезе лъугьана колхозал ва гIадамазул гIумру. Гьеб ахIвал-хIалалъ гъира-шавкъ борхизабулеб букIана-ян ракIалде щвезабуна Рамазаница. Рамазаница нухмалъи гьабулеб Ленинил цIаралда бугеб колхоз, районалда церетIуразул цояб букIана. Живгоги гьев рикIкIунаан районалда колхозалъул 30 сон барав цевехъан, хIалбихьи бугев гIуцIарухъанлъун. I955 соналъ, цо къоялъ Рамазан ахIула районалде райкомалъул тIоцевесев секретарас. Районалъул бетIерас абуна финотделалда бича-бихъан тараб хIалтIи бажарулев чи къваригIун вугин, гьелъул нухмалъулевлъун ине кколин. Гьай-гьай, бокьунги букIинчIо, хIалтIиги лъалароан. « Бокьун гьечIо, лъаларо»-ян абуни, лъазеги бажаризабизеянги гурищ мун коммунист вугевин абулаан. Жибго хIалтIуца малъана цIияв заведующиясда щиб гьабилебали. Дагь-дагьккун гъорлъе ккана хIалтIуде. Кумек гьабуна Ленинградалда финотделазул заведующиязул курсал лъугIизе рес щвеялъги. Лъаледухъ борхана районалда финансазул хIалтIи. БитIун гъираялда хIалтIулев вукIарав Рамазан довго районалъул бетIерес добго Ленинил колхозалде инчIого чара гьечIилан лъазабула гьениб ахIвал-хIал квешлъулеб бугилан. Рамазан 1958 соналда лъабабизеги гIагараб колхозалде тIадвуссине ккана. Гьесул рахъ куна росдал жамагIаталъ ва наказде ккараб колхоз борхизабизе лъугьана. Партиялъ ва пачалихъалъ колхозазул экономика ва культура цебетIеялъе батIи-батIиял тадбирал гьарулел рукIана. Дагъистаналъул гIемерал колхозаз гьел соназ цебетIеялъул борхалъуде чIахIиял галаби тIамуна. КолхозчагIазул магIишат цебетIолеб букIана, цIикIунеб букIана гьезул гIи-боцIул къадар. Гьединал хисабасиял рарал рукIана колхозалдаса колхозчагIазе щолеб доход цIикIунеб букIиналда. Чамалиго нухалъ цIикIана гIиял къадар, гьеб 8000-гоялде бахана, гьединго чIегIерхIайваналъул къадарги цIикIана.

Гьел соназда байбихьана гъутаналда бугеб колхозалъул ракьалдасан, могьол культураби рекьун, гIатIидго пайда босизеги. Гъутабазда ракь бекьизе лъугьаралдаса ахIвал-хIал хисана, жидеего хIажаталдаса тIокIги бачIин бакIаризе байбихьана. Колхозалъе рес щвана чIахIиял культуриял ва социалиял бакIал разе. Гъутаналда рахь къачIалеб цехгун бана 120 гIакдае хIисаб гьабураб комплекс. Росдал магIишаталда росарал бергьенлъабазе гIоло, Гьерел росдал Ленинил цIаралда бугеб колхозалъул цIар республикаялъул ХIурматалъул хъорщоде босана. Гьеб букIана тIолабго районалъего кIудияб роххеллъун. КIвахI-свак гьечIеб, жигараб, унго-унголъунги гIуцIарухъанлъиялъул хIаракаталъул хIасилалдалъун, гьитIинабго Гьерел росдал колхозалъул цIар Рамазаница республикаялдаго рагIизабуна. Амма гьаб нухалъги гIемер мехалъ хутIичIо гьев бокьулеб, ругьунаб хIалтIуда, гIагараб росдал колхозалъул цевехъанлъун. 1964 соналъ ЛъаратIа рохьихъанлъиялъул кьучIалда рагьулеб букIана Советский, ЦIунтIа, ЛъаратIа районазда гьоркьосеб лесхоз. Гьеб букIана партиялъ цIуна-къан рохьил магIишат хIалтIизабиялде цIикIун кIвар кьезе лъугьарал сонал. ЦIияб гIуцIулеб бугеб магIишаталъе хIажат вукIана букIинесеб кIудияб коллективалъе нухмалъи гьабун бажарулев гIуцIарухъан. Гьединаб жавабияб масъала тIад къазе Рамазанидаса мустахIикъав чи райкомалъул бюроялда ватичIо. Расги бокьичIого разилъизе ккана цIияб хIалтIудеги. Инкар гьабизе ккана колхоз цебетIезабиялъе рукIарал чIахIиял планаздасаги. Рамазан цIияб хIалтIуде лъугьана.

КьучIдасаго хисизе байбихьана рохь къотIиялъул низам, къвакIана рохьоса цIул босиялъул гIадлу. Дол соназ абулаан щибаб гъотIода гьоркь рохьихъан тун вугин Таш Рамазаницаян. Билет гьечIого цIул къотIигьеб букIана бецIун бажарулареб гIакIа тIад кколеб такъсир. ЦохIо рохь цIуниялдалъун лъугIичIо лесхозалъул директорасул хIаракат. Жиндиего хасиятаб жигаралдалъун Рамазан жувана магIишатияб рахъ цебетIезабиялде. Анцухъ лъуна пилорама, аскIоб бана цIулал тIагIелал гьарулеб цех, махшел бугел устарзабаз гьарулел рукIана цIулал гордал, нуцIби, пилорамаялда хIадурун ричулел рукIана хъарщи, чIалу-рихIи. Школазе рес щвана харжалги тIокI гьарун, районалдаго хIадурараб школалъулаб мебель босизе. Больницаязе, школазе ва цогидал районалъул идарабазе бухIизе цIул къотIулеб букIана лесхозалъул хIалтIухъабаз. Рамазанил гьединал цIилъабаз рес кьуна тIадеги гIадамазе гIураб мухь-харж бугеб хIалтIи кьезе. Рамазанил кIваркьеялда букIана цIиял рохьал гIезареги. Щибаб соналда лъабабго районалда бакIарулаан 100-ялдаса дагь гьечIеб къадаралда накIкIигъутIбузул хьон ва 100 гаялда чIолаан рохь. 17 рохьихъанасе чу, ярагъ, хасаб ретIел, картаби ва цогидабги хIажалъулеб тIагIел-алат чIезебун букIана. Рамазан вуго гIарза хъван хIалтIи балагьун хьвадичIев, жив хIалтIуца валагьарав, хъулухъалъ тIалаб гьавурав чи. Цониги хIалтIудаса нахъе инчIо вахъун, хIалтIи хвеза-

КIВАР БУГЕБ СУАЛ

# ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО

бун. Гьесие хасиятаб букIана хIвараб хIалтIи цIигьаби. Гьаб нухалъги гьедин ккана.

Экономикияб-гун культурияб цебетIеялъе нухазул кIваралъул бицине ккеларо. Нилъеда лъала доб заманаялъ нухазул суал хасго нилъер районалда ва ЦIунтIа мухъалда цIакъго захIматаб букIараблъи. ЛъаратIа-Кьамилюхъ нух бахъизе проекталъулабгун сметаялъулаб документация хIадурун букIун буго. ХIалтIи цIакъ захIмат гьабун букIана нух рорхатал кьурабаздаса, техника гьечIого кверала бахъизе кколеб букIиналъ. Нухал рахьун ругьунал гIадамал гьечIолъиялъ къватIиса рачIарал хIалтIухъабазе хIажалъулеб букIана жанир чIезе бакI, квен-тIех, бусен-кьайи ва.гь.ц.

Гьеб гIуцIарухъанлъи, бажари хIажалъулеб хIалтIи тIадкъазе чи валагьизе лъугьараб мехалъги, Рамазанидаса санагIатав чи ватичIо. 1974 соналда Рамазаница гьеб захIматаб, амма районалъул гIадамазе кIвар цIикIараб хIалтIи кодобе босана. Таш Рамазан: **«Дица Доротделалъул хIалтIи гьабулаго, гьеб идара бетIергьанаб жо дида цо печатгун штамп гурони батичIо. Доротделалъул букIинчIо жалго жанир чIолеб машинацин. Бищун хIажалъулеб гьитIинаб техникани щиб, газа-белцин букIинчIо. РукIана бокьараб мехалъ гурони хIалтIизе рачIунарел, амма камичIого, кватIичIого, захIмат бихьичIого харж босулел хъулухъчагIи»** - ян бицана Рамазаница. Гьел гIадлуялде ахIиялдаса байбихьана Рамазаница хIалтIи. Амма аслияб хIалтIи цебе букIана, гьеб букIана ЛъаратIа-Кьамилухъ шагьранух. ЗахIматал рукIана нух бахъизе шартIал. Рорхатал кьураби кьвагьизаризе картIал рахъизе кколел рукIана кварица рухьун гьенире риччарал гIадамаз хIосоца, гьебго хIосоца хIатIал чIезе бакIги бахъун. **«Гьанжеги цевеса унаро, гьеб хIалтIи тIубалаго, вухьараб кварги тIун, кьурса гIодове ун хварав ЦIумада районалдаса гIолохъанчи»**-ян пашманлъана Рамазан. Умумулъанго батараб адаб, гIадат, гIаданлъи цIунун ахираталъул рокьове хварав тIовитIизе кьуна 2000 гъурущ гIарацги (доб мехалъ гьеб кIудияб гIарац), хъвезе куйдулги, ханждал хъапалги, чура-хулун мусрал ран хIадурана жаназаги. ЦIакъ захIмалъулаан кьураби кьвагьулеб идараялъул хIалтIухъаби районалде рачизеги. Рамазанида бажарана, ЦIумадаса, ЦIунтIаса, Болъихъа газа-белалъ нух бахъизе рачарал хIалтIухъабазе киналго шартIал чIезеризе.

Рамазаница намусбацIадго тIубазабула ЛъаратIа райкомалъул бюроялъул тIадкъай ва 20 км халалъиялъ бахъун лъугIизабула Кьамилухъе шагьранух. Гьесие хIаракат гIицIго гьеб нух бахъиялъ кьокълъичIо. Рамазаница доротделалъе контораялъе бана цIияб мина, гараж, склад. Нух бахъизе газа-бел гьечIеб доротделалъе гьес нахъе тана 3 бульдозер ва цо автомашина. Гьениса нахъе гьев ана «Дагъистаналъул мустахIикъав бакIал ралев чи» абун хIурматияб цIарги, Аллагьасул, ИнШаАллагь, кIудияб кириги босун. Ана халатаб заманалъ унтарай лъадуе хъулухъ гьабизе МахIачхъалаялда чIезе кколев вукIун, хIалтIичIого гIарац босиларин нахъе виччаян гьарун.

1984 соналда Рамазан, республикаялъул кIваралъул пенсиягун, хIакъикъаталдаги мустахIикъаб хIалхьиялде ана. БукIана гIураб гIарац, санаториялде ине рес, цоги бигьалъаби ва районалъул нухмалъиялъул рахъалдаса адаб-хIурмат. Амма иш лъикI букIинчIо, нахъойги Рамазанил Iагараб Гъерел росдал колхозалъул иш хъашлъун букIана. Гьеб накабазде ккун букIана. ХIинкъи букIана, бакъиялъ хун, гIи-боцIиги лъугIун гIухьби гъажалде тIилалги рехун магIарухъе иналда. Районалъул бетIер ГIалиханов Жаватханил цIакъ рахIат хвезабун букIана гьеб ахIвал-хIалалъ. Гьесда лъикI лъалаан росуцоязда гьоркьоб Рамазанил бугеб къадру-кьиматги, гьесда захIматаб хIалалда бугеб Ленинил цIаралда бугеб колхоз борхизабизе кIвейги. Амма гьесул намусалъ къабул гьабулеб букIинчIо ункъабилеб нухалъги пенсионерасда «хвасар гьаре»-ян гьаризе. Районалъул тIоцевесес ургъана цо гьитIинабго хIилла. Гьев ана Ленинил колхозалъул гъутаналде. ГIадамал данделъараб бакIалда ракI унтулеб хIалалде ккезабураб магIишаталъул бицана, бакъун хвеялдаса гIиял, чIегIерхIайванал рорчIизаризе магIишат гьабизе лъалев, гIадамазда гьоркьоб къадру бугев, рагIи билълъунев, къвакIарав бетIер хIажат вукIиналде пикру буссинабуна. Гьединав бетIерлъун гIадамаз цо кIалалъгIадин вихьизавуна Рамазан. Гьеб сагIаталъго ахIараб колхозалъул гIаммаб собраниялъ колхозалъул председательлъун Рамазан вачIаян гьарана. Гьеб иш тIадкъана районалъул бетIерасда.

Рамазаница, кIиясулго гьоркьор ккарал гара-чIвариязда (гьел мадугьалзаби рукIана) гьаб нухалъги колхозалде тIадвуссине таваккалго инкар гьабулеб букIана. «Дида лъалеб букIана колхозалъул бугеб захIматаб хIал. РекIеда бегIераб рукIкIенлъун, захIматаб унтилъун хIенсолеб букIана гIухьбузул, доярказул, тIолго колхозчагIазул бакIаб захIматалдалъун данде гьабураб бечелъи пасат гьабун букIин, республикаялдаго церетIурал колхозазул цояб, районалда нахъе ккаразул мухъилъе бехьерхьун бачун, рехун букIин».- Гьал руго Рамазанил рагIаби.

БокьичIого букIинчIила жиндие, гIемераб захIмат жиндагоги бихьун гIуцIараб магIишат цIигьабизе, цебе букIараб къадру-кьиматалъулги, бечелъи-гьарзалъиялъул даражалде бахизабизе. Амма гIуралго саналги рукIиндал, цебесеб рухI-жанги, жигар-чIаголъиги гьечIелъул цоцигьаб росуцоязулги райкомалъулги божилъи хвараб жо ккеладай, хIалтIи бажаричIого хутIиладаян хIинкъи букIана.

Гьединав, гIадамазда, партиялда, жиндирго намусалда цеве вацIадав, жавабчилъи цIикIарав вукIана пенсионер, хIакъикъияв коммунист Рамазан МухIамадов. Ахирги босана гьес колхозалъул хIалтIи тIаде. Амма гьедигIанго захIматаб хIалалде колхоз ккезабун батиялда гьев божулев вукIинчIо. Февралалда гьесда хъутаналда батичIо я хер, я кIалцIи, битIахъе гIи-боцIиги хун бокьал, чалаби хутIиялда хIинкъи букIана. ХIалтIуде лъугьун нахъисеб кьоялъго рехана Татаюрталдаса 27 тележка харил. Гьелго кьоязда Гьизляралдаги Астраханалдаги гьоркьоб бугеб 13-абилеб разъездалдаса тIадеги 40 тонна босана. Хехал тадбираздалъун тIалаб гьабуна кIалцIи-ролъги. Гьеб кинабго кьуна гIарац кьечIого, налъуда, Рамазанида божун.

Председателасул рекIее дагьабго парахалъи щвана. Гьанже колхозалъе рес букIана гIи-боцIуда, ками ккечIого, хасел тIамизабизе. ХIажат букIана захIматалъул гIадлу щула гьабизе. Байбихьуда гьес жиндихъего ахIана хIалтIул гIумруялда ругел колхозчагIи ва лъазабуна хIалтIуларезе колхозалъул Уставалъ ихтияр кьураб гIадлу гьабизе бугин. Хадур ахIана гъутаналда гIумру гьабулел ругел гьоркьохъеб школа лъугIизабурал васал ва ясал. Председателас гьездасанги тIалаб гьабуна колхозалъул хIалтIулъ жигараб гIахьаллъи гьабизе ккелилан.

Ахиралда Рамазан дандчIвана хIалтIул гIумруялдаса арал чIахIияб гIелалъул гIадамалгун. Гьез председателасул тIоцересел тадбиразул ва хадусел тIалабазул планазул рахъ ккуна ва бажарараб хIалтIудаса нахъе кIанцIун чIеларилан рагIи кьуна. Херазде гIунтIун, хIалтIи гьечIев чи колхозалда хутIичIо. Заманго инелде колхозалъул экономика щулалъана, хIалтIуларев, хIалтIи гьечIев чиги хутIичIо гъутаналда. ЛъикIав инсуца хъизаналъул гIадаб тIалаб-агьаз Рамазаница росуцоязулги гьабулеб букIана. Хвел-гIел ккаралъубе, бертинтуялъе гьан, хIан, ханжу-квара колхозалъ кьолеб букIана гьес бетIерлъи гьабулеб мехалъ. Гьединабго кумек гьабулаан тIалаб гьабизе чи гьечIого хутIарал харабазе, ресукьотIарал, кьо бухIарал гIадамазе. Рамазан вукIана кинабго цIиялъул, цебетIуралъул гьираялда рахъ колев хIалбихьи бугев хIаракатчи.

«Дагъплемобъединениялдаса» тIасарищарал куйдузул хьонги биччан, председателасул жигаралдалъун колхозалъул гIисинаб лага-черхалъул магIарул гIиял рехъаби «Дагъистаналъул мугIрузулаб» тайпаялдалъун хисана. Гемер цIикIана лемагалъул цIайи, цо бетIералдаса кьунцIулеб квас бахъана 3-3,2 кг. ЦIикIун рахьгьан кьолеб тайпаялде хисизабун букIана чIегIерхIайванги.

ХIалбихьиялъе босун букIана 60 сементальскиял тайпаялъул гIачIарги. ГIи-боцIухъанлъиялда ва хурухъанлъиялда гIатIидго хIалтIизабулеб букIана тIадеги мухъ кьеялъул къагIида. Масала, щибаб нусго чахъада хадуб 100-ялдаса тIаде цIунараб кьегIер вехьасе толеб букIана, 12 гIакдада хадуб киналго бачал цIунарай дояркаялъе цо бече кьолаан. ТIадеги мухъ кьолаан гIиял хIанидалъун. Партиялъ ва пачалихъалъ кIудияб кьимат кьуна Ленинил цIаралда бугеб колхозалъе. 1986 соналда тIолгосоюзалъулаб соцкъецалда бергьарал магIишатазда гьоркьоб букIана Гъерел росдал колхозги. Гьеб мустахIикълъана КПССалъул, ЦКялъул, СССРалъул, Совминалъул, ВЦСПСалъул, ВЛКСМалъул, ЦКялъул Хьвадулеб БагIараб Байрахъалъе. БергьенлъиялъулкIодолъи чанцIулго цIикIуна, бихьун унеб букIараб колхоз кIиго сонил болжалда тIадегIанаб даражаялде бахинабун букIиналдаги.

ХIалтIулъ росарал чIахIиял бергьенлъабазе гIоло гIухьбузе, дояркаязе, механизаторазе кьуна кIудияб шапакъатал ва кьиматал сайгъатал.

Жинда хадуб щула гьабураб гIиял щибаб 100 лемагалда хадуб 120 кьегIерги цIунарав, цо лемагалда 3,2 кг квасги кьунцIарав вехь И. Мусаевасе сайгъат гьабуна « Москвич» машина, цогидав вехьасе холодильник, цо дояркаялъе букъарулеб машина.

Жидеца хъулухъ гьабулел гIачиязда хадур тIолалго бачалги цIунун 2000 литр рахьги бечIарал Пирдавус ГIабдулкъадирова ва Асият МухIамадова мустахIикълъана пачалихъиял шапакъатазде. ГIодоркьоял, отпуск гьечIого, хIалхьи гьабичIого гьабураб захIматаб хIалтIуца сахлъиялъе асар гьабичIого течIо. ЗахIматго унтарав Рамазан хIалтIудаса гIодов чIана ва гьанже пенсиялда вуго. Колхозалъул кьисматалъулги пашманго бицана Рамазаница. Гьев нухмалъиялдаса аралдаса дагьлъун лъугIулеб боцIи-мал ва ахир 2002 соналда гIадамазда гьоркьоб бикьун буго. Рамазанил чIухIилъун, рохеллъун рукIарал гIиял фермаби, гIачиязул комплекс, рахь къачIалеб цех ва гIемерал харжал тIадгьарурал цогидалги минаби ва рарал бакIал рихун, щивасе 100 кв.м чердакалде гьоркье ккараб хъарщи-цIулги кирпички гIадамазе бикьана.

Разияв гьечIо Рамазан колхозал рихххизариялдаги, гьабсагIат республикаялда аграрияб политика гIумруялде бахъинабулеб куцалдасаги. ГьабсагIатги Рамазан разияв гьечIо ветеранасде районалъул ва республикаялъул бугеб бербалагьиялдаса.

**Дихъе Рамазаница кьуна цо список, гьелда тIад руго киналго пенсионерасе, ветеранасе кколел ва амма гьарулел гьечIел бигьалъаби.**

1. 9 маялъ В.Путинил баркиялъул телеграмма дун гIадинал захIматалъул ветераназе, рагъул ветераназе щола, амма дие щвечIо.
2. Районалъул бюджеталда буго ветераназе кумекалъе бихьизабураб гIарац. Гьезие материалияб кумек гьабе, 9 май праздникалъе гIарац кье, цогидабги кумек гьабе, гьеб дие щвечIо.
3. Телефоналъул бухьен гьечIо, хехаб кумек (03) хIалтIуларо. Дие хIажат буго унтараб мехалъ хехаб кумек ахIизе, хвараб мехалда гIагарлъиялда лъазабизе, дун вуго гIицIго хъизангун, гьейги йиго инвалид.
4. ЦСОНалъ кумек гьабунгутIи. Газета цIализе, медикаментазе, цоги ветераназе гьабулеб кумек гьечIо ретIелкуналъул, постелалъул хIажалъабазул ва кванил нигIматазул.
5. Медициналъул кумек щоларо: больницаялда гьечIо условияl, рокьоб лечение гьабулеб гьечIо, дараби кьоларо.
6. Лъабго лъагIел буго, дун тIоцебесеб группаялъул инвалид, дихъе ахунги цIакъ кьанагIат гурого щоларо администрациялдаса чагIи, ЦСОН, Совет стариков, Сельский Совет, участковый МВД, УСЗН, почалъул, пенсионный фондалъул, редакциялъул чагIи. Цере щолаан гьанже щоларо.
7. Колхоз бихххун гьелъул буголъи бикьулеб мехалъ дие кьечIо щибго жо. 2004 соналъ дие кьуна колхозалъул хераб 1950 соналъ бараб мина. Гьеб ремонт гьабизе гIарац кьечIо кигIан гьараниги. Дица гьениб жаниб гIумру гьабулеб буго 2004 абилеб соналдаса нахъе. Дица ремонталъе гIарац биччаян кьураб гIарзаялъе жаваб щвечIо.
8. День пожилых людей абураб праздникалъ дие кинабгIаги кумек гьабичIо.
9. Дир рокъоб ток квешаб буго, гьоркьо-гьоркьоб сунги уна.

Гьале гьадинал гIунгутIаби загьир гьаруна Рамазаница. Гьари буго районалъул нухмалъиялда гьеб жоялде цIикIун кIвар кьейин.

Гемерал хутIун гьечIо нилъер районалда гьадинал ригь арал ветеранал.

Расул АБАКАРОВ

МИНИСТЕРСТВО ТРУДА И СОЦИАЛЬНОГО РАЗВИТИЯ РД

ИНФОРМАЦИЯ

# О ПРОВЕДЕНИИ МЕСЯЧНИКА ПРОФЕССИОНАЛЬНОЙ ОРИЕНТАЦИИ УЧАЩИХСЯ ВЫПУСКНЫХ КЛАССОВ ТЛЯРАТИНСКОЙ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЙ СРЕДНЕЙ ШКОЛЫ « ВЫПУСКНИК – 2015»

В соответствии с приказом Министерства труда и социального развития РД «О проведении месячника профессиональной ориентации учащихся выпускных классов общеобразовательных учреждений «Выпускник -2015» от 24 октября 2014 года № 12-952 в актовом зале Тляратинской средней школы с 10.11.2014 по 28.11.2014 года прошел месчник профессиональной ориентации «Выпускник-2015». Основными целями являлись: формирование внутренней потребности и готовности к свободному самоопределению, создание благоприятной среды для развития молодежного предпринимательства, развитие молодежной фантазии, противодействие наркомании, токсикомании, алкоголизму, профилактика безнадзорности и совершения правонарушений среди молодежи, содействие учащихся в профессиональной ориентации и выборе оптимального вида занятости с учетом его потребностей и возможностей в социально-экономической ситуации на рынке труда.

В мероприятии приняли участие: директор ГКУ РД «ЦЗН в МО «Тляратинский район» Курбанов А.Р, директор Тлярата ОСШ Сайпулаева З.А, учитель по биологии Махалова К.Х, инспектор по профессиональному обучению и профориентации Гусейнов Г.А, инспектор по начислению пособию безработице Абдуллаев А.М, инспектор по охране и оплате труда Курамагомедова С.А и учащиеся школы.

В мероприятии приняли участие 32 школьников выпускных классов, были подготовлены и распространены профинформационные буклеты и памятки для учащихся выпускных классов «На пороге выбора профессии»,(«Выпускнику школы (советы по выбору профессии)»). Были проведены в выпускных классах профориентационные классные часы: «Секреты выбора профессии» («Предпринимательская деятельность на селе»(«Развитие народных промыслов Дагестана», «Кем быть? Вот в чем вопрос», «Мой профессиональный путь»). В местной районной газете и на официальном сайте были размещены объявления о проведении данного мероприятии.

Мероприятие открыл обращением к учащимся:

- директор ГКУ РД «ЦЗН в МО «Тляратинский район» А.Р.Курбанов, который информировал выпускников о состоянии на рынке труда, об услугах оказываемых Центром занятости населения, о сведениях и вакансиях и вакантных должностях в Республике Дагестан.

- Директор Сайпулаева З.А отметила, что эта встреча с выпускниками школы, проводимая на столь высоком уровне, является свидетельством всевозрастающего внимания Министерства труда и социального развития РД и администрации района к нуждам и запросам молодежи района, выражением серьезной озабоченности ее будущим и настоящим:

- Учитель по биологии Махалова К.Х отметила, что на это мероприятие собрались те, кто находится в том возрасте, когда перед нами стоит важный и трудный выбор будущей профессии, которая определяет всю их дальнейшую жизнь. Наша задача – помочь вам определиться с этим выбором.

Участники мероприятия (ученики выпускных классов) задавали вопросы гостям мероприятия получали ответы и сами отвечали на их вопросы.

После этого директор ГКУ РД «ЦЗН в МО «Тляратинский район» подвел итоги месячника профессиональной ориентации учащихся выпускных классов общеобразовательных классов «Выпускник -2015» и закрыл мероприятие.

**Приложение:**
**фото и видеоматериал.**
**Директор ГКУ РД «ЦЗН в МО «Тляратинский район»**
**А.Р.КУРБАНОВ**

**Исполнитель Г.А.ГУСЕЙНОВ**
**т. (8963-796-72-26)**

СПОРТ



# Боксалъул чемпион

2014 абилеб соналъул декабрь моцIалъул ахиралда МахIачхъалаялда тIобитIана Нури НургIалиев ракIалде щвеялъул боксалъул турнир. Гьеб турниралда гIахьаллъи гьабуна 150 чияс, гьезда гьоркьов вукIана ЛъаратIа ДЮСШялъул боксер Идрисов МухIамад Расуловичас 56 кг цIайиялда.Ункъгоясда тIад ракIчIараб бергьенлъиги босун нилъер ракьцояс тIоцебесеб бакI ккуна ва турниралъул чемпионлъун вахъана. Гьесул тренер ккола Якъуб ХIайбулаев. РакI-ракIалъго баркула гIагарлъиялда ва районцоязда МухIамадил бергьенлъи. Гьарула гьесие жеги чIахIиял бергьенлъаби.

**ЧАКЪАЛОВ**




## ИНФОРМАЦИЯ

В соответствии с постановлением Правительства РД от 29 декабря 2012 года № 486 « Об утверждении комплекса мер, направленных на создание условий для совмещения женщинами обязанностей по воспитанию детей с трудовой занятостью, а также на организацию профессионального обучения (переобучения) женщин, находящихся в отпуске по уходу за ребенком до достижения им возраста трех лет, на 2013-2014 год» ГКУ РД «ЦЗН в МО «Тляратинский район» информирует женщин о возможности осуществления трудовой занятости с совмещением обязанностей по воспитанию детей, а также профессиональной подготовки, переподготовки и повышения квалификации в период отпуска по уходу за ребенком до достижения им возраста трех лет. ГКУ РД «ЦЗН в МО «Тляратинский район» оказывает услуги указанной категории женщин по:

1. организации профессиональной ориентации женщин, обратившихся в органы службы занятости населения, в том числе находящихся в отпуске по уходу за ребенком до достижения им возраста трех лет;

2. организации профессиональной подготовки, переподготовки, повышения квалификации женщин, воспитывающих несовершеннолетних детей и признанных в установленном порядке безработными, и женщин, находящихся в отпуске по уходу за ребенком до достижения им возраста трех лет;

3. оказании единовременной финансовой помощи женщинам, воспитывающим детей в возрасте до трех лет, признанным в установленном порядке безработными, при их регистрации в качестве юридического лица, индивидуального предпринимателя либо крестьянского (фермерского) хозяйства;

4. содействии трудоустройству женщин, воспитывающих несовершеннолетних детей, и женщин, находящихся в отпуске по уходу за ребенком до достижения им возраста трех лет, на дополнительные рабочие места, созданные гражданами из числа безработных, открывших собственное дело в рамках региональных программ;

5. организации стажировки женщин, воспитывающих несовершеннолетних детей, из числа выпускников учреждений профессионального образования.

**Директор ГКУ РД «ЦЗН в МО Тляратинский район»**
**КУРБАНОВ А.Р.**

## Лъазаби

ЧIадаколоб СОШалъ 1998-1999 абилеб цIалул соналъ **ГIумаров ХIамзат Шамиловичасе** кьураб аттестат А№ 3848896 билун буго. Гьеб аттестат хIакъикъияблъун рикIкIунаро, гьари буго батарав чиясда, гьеб бетIергьанасухъе щвезабеян.

**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 51372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Заказ № _______
Подписано в печать 15.01.2015